

## A Zvakazarurwa zva Jesu Kristu kuna Johani (Zvakazarurwa 1:9-18)

### ❖ Kupi: MuPatimosi (1:9)

- CHII CHAIVA MU PATIMOSI?
  - (1) Patimosi chitsuwa chisina chirimwa chinobuda uye izere matombo (10x6 mi—16x10 km). VaRoma vakaiita nzvimbo yekuchengetera vasungwa kure nevamwe vanhu ipapo.
- NEI JOHANI AIVAPO?
  - (1) Akanga apomerwa kuti aiparidza dzidziso dzakatsauka nezva Jesu Kristu apo ainge akwegura. Mutongi we Roma Domitian akamuita musungwa ikoko (pakati pa 81 na 96 AD)
- JESU AKAITIREI JOHANI?
  - (1) Jesu akaunzira Johani mashoko etariro nekurudziro sezvaakaitira varume vechidiki vaiva mugomba remoto uye kuna Sitefani apo ainge achiurawa.
- Tinogona kuva neidi kuti Jesu achangoramba ainesu apo tinotambudzwa nekuda kwokuva zvapupu zvakatendeka.

### ❖ Rinhi: Nezuva Rashe (1:10)

- Tinofanirwa kududzira sei “Zuva Rashe”?
  - (1) Svondo: “Zuva Rashe” rakashandiswa kureva zuva re Svondo kekutanga pakupera kwe senjuri yechipiri. Raisareva “Svondo” munguva ya Johani.
  - (2) Kuuya Kwechipiri: Zvaireva kuti Johani akange akutotambira muono wekuuya kwechipiri kwa Kristu apo akatambira Zvakazarurwa zvitsva izvi. (Is. 13:6; 2P. 3:10). Dzidziso iyi haitsigirwi ne ndima iri muna Zvakazarurwa.
  - (3) Sabata: Mu Testamende yekare, Mwari (Ishe) anodana Sabata kuti “rangu”, nokudaro izuva rake (Ex. 31:13; Is. 58:13). Jesus anozvidana “Ishe we Sabata” (Mt. 12:8; Mk. 2:28). Nokudaro Johani akatambira Zvakazarurwa ne Sabata, zuva Rashe.

### ❖ Sei: Semupirisita Mukuru (1:12-18)

- Jesu aionekwa sei muna Zvakazarurwa 1? Tarisawo zvakare Zvakazarurwa 1:13-16 na Danieri 10:5-6.
- Niono yavo yakafanana, nokudaro vaporofita vose vakaona muono wa Jesu Kristu. Danieri anonyatsoti nguwo refu yakaonekwa na Johani yakanga yakagadzirwa ne rineni (nguwo yemupirisiti).
- Shoko ku sangano rimwe ne rimwe rinotanga nekuti “Ndinoziva mabasa ako.” (2:2, 9, 13, 19; 3:1, 8, 15). Jesu anogara ari pakati pevanhu vake. Anoziva vanhu vake uye anoziva mumwe ne mumwe wedu.
- Ndiye wakafa akamuka. Ane svumbunuro dze rufu. Ane samba pamusoro pe rufu uye anochengetedza vapenyu.

## B Rugwaro kumakereke manomwe (Zvakazarurwa 1:11, 19-20; 2:1-7)

### ❖ Madudziriro (1:11, 19-20)

- Shoko kuma kereke manomwe mu Asia rinogona kududzirwa mumapazi matatu akasiyana anosimbisana (1:19):
  - (1) ZVEIPAPOIPAPO (NHOROONDO): Shoko kubva kuna Jesu kukereke yega yega vanosangana mumaguta manomwe e Asia Minor munguva ya Johani.
  - (2) ZVICHAUYA (HUPOROFITA): Shoko ku ma Sangano ose munhoroondo kubva panguva ya Johani kusvika panguva yedu.
  - (3) ZVEWESE: Shoko ku sangano rimwe ne rimwe uye mutendi wese munguva chero yenhoroondo.

### ❖ Shoko kukereke pa Efeso (2:1-7)

- Efeso raiva guta rainge rakakosha mu Asia. Johani aiva mufundisi muguta iro maiva makazara nedzidziso dzekusafa zvirokwasvo uye uroyi (Mabasa 19:19)
- Sangano rakaramba rakasimba panyongano yaivapo. Zvakadaro, vakakanganwa rudo rwavo rwekutanga sezvakaitwa ne Isiraeri yakare. (Jeremiya 2:2)
- Sangano iri rinomiririra Sangano rema Kristu remakore zana okutanga (tingati kubva 31 AD kusvika 100 AD)
- Ngatiteverei yambiro inobva kumusoro kuti tive nehunhu kwahwo, tirege kukanganisa saivo:
  - (1) Rangarira rudo rwako rwapakutanga.
  - (2) Tendevuka.
  - (3) Uite mabasa akanaka.